



## Bilten Nouvèl Tit I Pou Paran/Fanmi



Nou swete chak moun te gen yon vakans fòmidab epi yo te gen posiblite pou kreye anpil souvni ak pitit li/yo. Li difisil pou nou kwè nou gentan nan mwatyé nan dezyèm semès pou ane akademik la.

Prentan an rive! Flè yo ap boujonnen, myèl yo ap gwonde, epi solèy la ap pran ekstansyon nan syèl la pou jounen an vin pi long. Kounye a se meyè lè pou nou pase plis tan deyò. Jou Tè a abityèlman selebre an avril. Gen anpil aktivite ekolojik amikal ki fèt ant fanmi tankou ranmase fatra nan vwazinaj la oswa sou plaj, ale fè lachas oswa plante kèk flè oswa pye bwa.



### PWOGRAM KI GEN ENPAK SOU FAN-

*Family Impact* pwogram nan se yon pwogram edikatif yo fè pou granmoun k ap aprann Anglè. Objektif nou se pou ede granmoun ki pa pale Anglè yo pou amelyore siksè fanmi yo. *Family Impact* elimine distans ki egziste ant fanmi, lekòl ak kominate a.

*Mision nou se pou ede granmoun jwenn ansèyman alontèm avèk konesans ak abilte yo bezwen pou yo travay lakay yo ak nan kominate a pou fè konpetisyon ak sosyete global Jodi a.*

Enskripsyon pou tèm 3/Prentan an ap kòmanse 25 avril 2016 epi l ap fini 29 avril 2016. Enskripsyon yo ap fèt an pèsòn soti lendi rive jedi a 9:00 a.m. pou 11:30 a.m. kote y ap fè pwogram nan. Pa gen enskripsyon nan jou vandredi.

Sa ap koute \$30.00 pou tèm nan epi yo mande pou w bay yon ID a foto.

Klas yo ap kòmanse 2 me 2016 pou fini 2 jen 2016.

Klas yo kòmanse a 8:30 a.m. jiska 11:30 a.m. apati lendi rive jedi. Pa gen klas nan jou vandredi.

Pou plis enfòmasyon, kontakte: Sherrie Bedwell  
nan 561-649-6004.



### NAN BILTEN SA A GENYEN

- ◆ Plan Estratejik
- ◆ Sèvis Manje Lekòl
- ◆ Edikasyon Elementè
- ◆ Edikasyon Elèv Es-pesyal

### PWEN D ENTERÈ ES-PESYAL

- ◆ Polis Lekòl  
*Moun ki Anpeche Elèv Komèt Krim*
- ◆ Edikasyon pou Adilt
- ◆ Konseye Akademik

## PLAN ESTRATEJIK REVELE

Komite Dirijan Lekòl la te resevwa yon revizyon Plan Estratejik Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la te pwopoze pou ane akademik 2016-2021 an ki genyen premye rezulta alontèm yo te montre fwa pase a ak tèm estratejik epitou yo te entwodui objektif plan an ak inisyativ estratejik. 19 inisyativ estratejik direktè/tris, pwofesè yo te konsevwa ak patisipasyon epi enfòmasyon elèv ki santré sou pratik rechèch, ap tabli sou yon peryòd plis pase twazan, pandan y ap asire resous ki disponib ak ponktyalite nan aplikasyon plan sa a.

“Kreyasyon plan sa a se te yon gwo efò kolaboratif epi aplikasyon avèk siksè plan an ap mande pou nou kontinye travay ansanm pou reyalize ekite ak ekselans pou tout elèv nan yon edikasyon global”, Doktè Dr. Robert Avossa deklare nan yon lèt li te ekri bay patnè nan edikasyon yo. “Mwen fè sa yo priyorite pou fè sèten plan an pa izole epi mwen kwè pwodui final la kapte vizyon kolektif nou pou edikasyon Rejyon Palm Beach la alavni.”


Nan mwa k ap vini yo, Distri Lekòl la ap kòmanse ak yon seri reyinyon ak anplwaye epi manm nan kominote yo pou bay plis detay konsènan plan an. Nou ankouraje pwofesè, estaf, paran, elèv, ak lidè biznis yo pou yo patisipe nan reyinyon sa yo.

Pou yon revizyon jeneral sou Plan Estratejik nou an (sa enkli 19 inisyativ), tanpri vizite  
[Sit Entènèt pou Plan Estratejik Distri a.](#)



## SÈVIS MANJE LEKÒL

*Rann Manje Midi Pi Fasil*



### ANNOU GRANDI ANSANM

Nou ajoute yon paj ki rele “Garden” kote ou kapab jwenn tout enfòmasyon ou bezwen si ou ta renmen kòmanse yon jaden nan lekòl oswa lakay ou. Epi nou genyen yon lenk ki se “School Garden Development Guide—2nd Editions” pou pataje enfòmasyon ak ou!

[www.palmbeachschools.org/sfs/gardens.asp](http://www.palmbeachschools.org/sfs/gardens.asp)

### PWOGRAM MANJE MIDI

Depoze lajan nan kont ki kreye pou repa pitit ou a atravè sistèm pou peye davans la nan adres [www.palmbeachschools.org/sfs](http://www.palmbeachschools.org/sfs). Nimewo PIN pitit ou ak istwa acha repa li yo disponib sou entènèt nan sistèm peman davans la. Epi nou aksepte kach ak chèk nan kafeteria lekòl la.

## POLIS LEKÒL: MOUN K AP KANPE KRIM ELÈV NAN PALM BEACH

1. Rele Liy Konsèy la nan 1-800-458-TIPS/1-800-458-8477
2. PA BAY NON OU. Di se yon elèv ki rele.
3. Bay enfòmasyon konsènan nenpòt aktivite kriminèl nan lekòl la, sou lakou lekòl la, oswa nan kominate a. Yo kapab poze w kèk kesyon men yo Pap mande w non ou.
4. Y ap ba ou yon nimewo pou kod ak eksplikasyon sou kilè pou w rele ankò

pou w konnen pwogrè k ap fêt dapre ti enfòmasyon ou bay la. Se nimewo kod sa a sèlman ki lye ou ak liy KONSÈY LA "TIPS Line". Se responsabilite pa ou pou w sonje nimewo kod sa a. Si enfòmasyon ou bay la bon, y ap ba ou lòt enfòmasyon sou kijan pou ou al chèche rekompans ou a epi konbyen w ap resevwa.



**"DON'T GIVE YOUR NAME"**

up to **\$100 REWARD**

For any information about criminal activity in School, on School grounds or in your Community

**\$500 REWARD**

FOR THE RECOVERY OF A


**FIREARM**

**1-800-458-"TIPS"**



## EDIKASYON ELEMANTÈ

Rechèch montre elèv, espesyalman, sa yo ki gen difikilte nan lekti gen tandans pèdi enpe pandan sezon ete a nan akonplismanyo te akimile si yo pa jwenn opòtinite pou pratique sou sa yo te aprann pandan ane akademik la. Yo rele fenomèn sa a "summer slide." Pou konbat *summer slide*, nou rekòmande pou pitit ou a li chak jou. Anpil nan lekòl yo ap ofri pwogram lekti pandan sezon ete a oswa ou kapab vizite bibliyotèk rejon w oswa vil ou a. Meyè kado ou kapab bay pitit ou se lekti!



## EDIKASYON ELÈV ESPESYAL



Lejislati eta Florid 2014 la fè anpil chanjman nan kritè yo tabli pou gradyasyon ak tranzisyon nan klas segondè pou elèv ki andikape. Yo te anile diplòm espesyal la, yo te tabli nouvo règleman pou gradyasyon pou pèmèt tout elèv genyen yon diplòm estanda ak kèk materyèl tranzisyon IEP, epi desizyon pou tranzisyon mande pou paran apwouve sa. Klike sou lyezon anba sa a pou w tande yon prezantasyon ki diskite sou chanjman sa yo, sa enkli kòman sa gen enpak sou elèv jodi a ak elèv ki pral antre nan lekòl segondè epi kisa nou swete paran yo fè nan pwosesis sa a. ([https://connect.palmbeachschools.org/graduation\\_requirements\\_2015\\_presentation\\_for\\_parents/](https://connect.palmbeachschools.org/graduation_requirements_2015_presentation_for_parents/))

## DEPATMAN ADILIT & EDIKASYON KOMINOTÈ

### Pwogram Alfabetizasyon pou Adilt—[www.NeverTooLatePBC.org](http://www.NeverTooLatePBC.org)

Si ou gen sousi pou yon granmoun ki pa konn li oswa gen difikilte pou li, fè yo konnen li pa janm twò ta pou aprann li. ACE ofri yon Pwogram pou Granmoun Aprann Li nan yon anviwònman aprantisaj ki sansib epi konfidansyèl. Elèv yo resevwa lesyon youn a youn epi yo montre yo teknoloji ak nosyon debaz sou òdinatè. Manm estaf sipòtif epi ki byen antrene nou yo itilize yon kourikoulòm ki enkòpore bezwen elèv ki gen pwoblèm nan lekti oswa Disleksia. Lè granmoun aprann li, lavi yo transfòme nan yon fason remakab. Yo kapab jwenn epi kenbe travay, genyen pibon sante, epi ede nan edikasyon pitit yo. Aprann li ede granmoun reyalize gwo rèv yo, monte pi wo ak avanse pi devan, Lite pou kouri deyè chanjman pou tèt yo ak pou kominate yo.

**KI KOTE?** Delray Full Service School, 301 SW 14th Avenue, Delray Bch., FL 33444

**KILÈ?** Nan sezon ivè 2016 la Tèm nan pwolonje jiska 22 avril 2016. Elèv yo kapab enskri pou antre nan klas nenpòt lè nan tèm nan. **POU ENFÒMASYON, RELE NAN 561-266-1206**

**IMÈL:** [NEVERTOOLATE@PALMBEACHSCHOOLS.ORG](mailto:NEVERTOOLATE@PALMBEACHSCHOOLS.ORG)

**SOMEONE**  
YOU CARE ABOUT  
**CAN'T READ THIS**



**WE ARE HERE TO HELP**

## DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH

### VIZYON

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach anvizaje yon kominote miltikiltirèl kolaboratif dinamik kote edikasyon ak aprantisaj pou lavi gen valè ak sipò, epi tout moun k ap aprann rive atenn potansyèl maksimòm yo ak reyisi nan ekonomi global la.

### MISYON

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach pran angajman pou 1 ofri yon edikasyon global avèk ekselans ak ekite pou pèmèt chak élèv atenn potansyèl maksimòm li avèk anplwaye ki pi efektif la pou ankouraje konesans, konpetans, ak etik yo mande pou sitwayen responsab ak karyè pwodiktif



### Distri Lekòl Rejyon Palm Beach

3300 Forest Hill Boulevard  
West Palm Beach, FL 33406  
Telefòn: (561) 434 -8000

## EKIP KONSEYE LEKÒL

Fen ane akademik ak kòmansman ete a déjà rive. Anpil nan nou renmen souvni vakans ete. Elèv venteyinyèm syèk la kapab gen panse, santiman ak eksperyans ki differan nan fen ane akademik la. Avèk yon ti planifikasyon bò kote pa nou (paran ak lekòl), tranzisyon pou fen ane akademik la kapab pote siksè. Men kèk ti konsèy pou lakay ou:



### Kenbe abitid ou

Dènye jou lekòl pou élèv se jedi 2 jen. Ansèyman ak aprantisaj kontinye jiska lafen. Menmsi Tès Evalyasyon eta Florid la fini, élèv ap kontinye aprann sa yo bezwen konnen pou yo kapab fè pwogrè nan pwochèn klas la. Konsa, kisa sa vle di pou lakay? Kenbe ansyen abitid. Kenbe menm abitid nou te swete ou genyen lè ou pral dòmi an, fè devwa, toujou preznan, ale nan aktivite aprè lekòl yo. Kenbe abitid tout sa nou espere ap ede pitit ou fini ane lekòl la ak fòs.

### Tyeke Antre, Pa Tyeke Soti

Pitit ou a t ap travay di pandan tout ane a. Fen ane lekòl la se lè pou mete randevou avèk pwofesè pitit ou pou diskite sou pwogrè yo. Nan kisa yo pi fò? Sou kisa yo dwe travay? Èske yo nan wout pou pran pwomosyon? Dènye kanè a pa ta sipoze yon supriz pou ou ak pou pitit ou. Èske ou tyeke sou pwogrè pitit ou? Fè li yon moman pou selebre ki valè bagay yo te aprann nan ane ki sot pase a. Lè ou rekonèt sa, sa pwouve pèsistan ak efò gen rekonsans ladan.

### Kòmanse panse pou pi devan

Devyasyon nan sezon lete (*Summer Slide*) reyèl. Devyasyon nan abilite akademik kapab fèt pandan élèv yo nan vakans. Blog Depatman “Education Home Room” bay paran yo ti konsèy pou yo aplike pou yo kapab konbat devyasyon (*summer slide*). Sa enkli: tabli objektif aprantisaj pou lete a, pratike sou abilite w chak jou, selebre siksè lè w atenn objektif la, epi soti ale nan mize oswa pak pou w aprann plis (<http://blog.ed.gov/2014/07/become-an-education-coach-and-keep-the-summer-slide-at-bay-all-season/>). Si pitit ou ap chanje lekòl, ap soti nan lekòl elemantè pou ale nan lekòl mwayen oswa segondè, konsidere patisipe nan sesyon

oryantasyon ki fèt pou paran ak élèv. Lekòl yo kapab ofri reyinyon jeneral oswa sware oryantasyon pou élèv ki fenk ap antre. Kontakte lekòl la pou konnen si gen sesyon epi kilè y ap fèt.

Si pitit ou ap gradye,  
**KONPLIMAN!** Jere chak pwochèn tranzisyon gradyasyon élèv sòtan w lan trè enpòtan tou. Sa kapab konplèks; se pou sa, kenbe kontak sere ak konseye akademik lekòl yo a.

### Chanjman kapab gen anpil Estrès

Fen ane akademik la kapab kreye estrès nan pitit ou. Wi, fen ane akademik la se yon tan pou kè kontan ak selebrasyon. Se yon tan pou chanjman ki papab gen estrès (menmsi se bon chanjman). Fen ane akademik la vle di yon chanjman nan aktivite kotidien epi trè souvan li voye yon siyal chanjman nan relasyon amikal. Èlèv gen abitid ale lekòl, wè pwofesè yo, epi wè zanmi yo. Ou kapab ede pitit ou nan fè yon bagay anplis. Pa egzanp, pote atansyon ak sa y ap di, panse yo ak santiman yo konsènan fen ane akademik la. Eseye obseve si yo parèt enkyete oswa fache konsènan fen ane akademik la. Dezyèmman, reasire yo fwistrasyon oswa enkyetid, oswa santiman yo OK epi di yo lòt élèv yo santi yo menm jan an tou. Finalman, ede yo vini ak nouvèl estrateji pou fen ane akademik la. Kòman yo kapab rete an kontak avèk zanmi lekòl yo? Ki abitid ou kapab mete anplas? Ki pwogram ete oswa aktivite yo kapab fè?

Paran kapab ede pitit yo tèmine ane akademik la epi travèse sezon ete a byen fèm pandan y ap aplike enpe nan ti konsèy sa yo.

Sous:

*Department of Education Home Room Blog* nou jwenn nan adrè: <http://blog.ed.gov/>  
*Today's Parent Education Blog* nou jwenn nan adrè: <http://www.todaysparent.com/family-parenting/tips-to-get-your-kids-through-the-end-of-the-school-year/>